

# Operasyon pou Vin Esteril Apre Akouchman



Vin esteril se yon fòm planin ki san danje. Li pèmanan, sa vle di yo pa kapab defèt li. Lè ou fè yon operasyon (esteril) apre ou fin fè tibebe ou a, yo ap retire toude twonp falòp yo. Yo pa kapab remete twonp yo nan plas yo ankò pi devan.

## Kisa ki ap rive si Mwen fè yon operasyon pou m vin esteril apre akouchman?

Si ou te fè yon akouchman nòmal (nan vajen):

- Ou kapab fè operasyon an apre ou fin fè tibebe ou a, pafwa nan menm jou a oswa jiska de (2) jou apre tibebe a fin fèt la.
- Operasyon an ap fèt nan sal operasyon an.
- Yo ap fanm (ensizyon) vant ou nan 3-4 santimèt pa anlè oswa pa anba lonbrit ou.
- Yo ap retire toude twonp falòp yo.
- Pou fèmen ensizyon an, yo ap koud li ak fil ki gen pou soti poukont yo.
- Operasyon an ap dire anviwon 30 minit.

Si ou te fè yon seksyon-c (sezaryèn):

- Yo kapab retire twonp falòp yo apre tibebe a fin fèt.
- Ou pa bezwen fè yon lòt operasyon (ensizyon).
- Operasyon an ap dire anviwon 10 minit anplis lè yo retire twonp falòp yo..

## Kisa yo ap itilize pou doulè si Mwen fè yon operasyon pou m vin esteril apre

- Yo ap itilize yon anestezi epidiral oswa nan mwèl epinyè. Se yon enjeksyon yo ap ba ou nan do.
- Ou ap reveye pandan operasyon an.
- Ou kapab santi yon tras oswa yon presyon, men ou p ap santi okenn doulè.
- Pafwa, nou dwe itilize yon anestezi jeneral, sa vle di yo ap andòmi ou avèk yon tib pou ede ou respire, men sa pa fèt souvan.
- Ou kapab pran lbiwofèn ak Tilenòl pou doulè a. Gen kèk moun ki bezwen pran yon bagay ki pi fò epi ki kapab pran yon medikaman nakotik.

# Plis enfòmasyon

## **Ki avantaj ki genyen nan vin esteril apre akouchman an lè yo retire toude twonp falòp yo (salpenjektomi)?**

Lè yo retire twonp falòp yon moun pou li vin esteril, sa kapab anpeche li ansent nan prèske 100% ka yo.

Retire twonp falòp yo pi bon lontan pou anpeche yon moun ansent pase ansyen metòd yo, tankou retire yon mòso nan twonp lan oswa mete klips oswa band sou twonp yo.

Li kapab redui risk pou ou vin gen kansè nan ovè pi devan.

## **Ki risk ki genyen nan vin esteril pa mwayen salpenjektomi an?**

Gen yon risk toupiti pou ou bay san, pran enfeksyon, ak lòt konplikasyon nan operasyon.

Gen yon risk toupiti pou chirijyen an pa kapab retire toude twonp yo an sekirite. Nan ka sa a, yo kapab retire yon pati nan chak twonp yo oswa yo kapab pa fè operasyon an.

Chirijyen an ap esplike ou egzakteman sa ki rive a ak si ou dwe itilize yon lòt mwayen pou fè planin.

## **Èske lè yo retire twonp falòp yo sa ap chanje peryòd règ mwen?**

Lè yo retire twonp yo, sa p ap chanje peryòd règ ou.

Si ou te konn pran yon planin òmòn epi ou sispann pran li apre yo fin retire twonp yo, ou kapab remake kèk chanjman nan peryòd règ ou.

## **¿E si Mwen decide pou Mwen vin ansent apre yo fin retire twonp falòp Mwen yo?**

Yo pa kapab defèt operasyon sa a. Ou ap bezwen itilize IVF (fegondasyon in vitro) pou ou vin ansent. Li koute anviwon \$10,000 dola epi li anvayisan.

Ou dwe fè yon operasyon pou ou vin esteril sèlman si ou sèten ou pa vle fè lòt timoun.

## **Ki lòt posiblite planin ki genyen si Mwen pa vle fè operasyon pou m vin esteril apre akouchman?**

Gen anpil lòt mwayen pou fè planin!

Gen kèk mwayen pou fè planin pou pa vin ansent ki prèske efikas menm jan ak operasyon pou vin esteril la.

Epitou, gen yon pwosedi pèmanan pou gason yo vin esteril ki rele vasektomi. Doktè oswa fanm saj ou a kapab pale avèk ou plis sou opsyon sa yo nenpòt moman.

## **Ki sa Mwen dwe fè si Mwen vle fè operasyon pou m vin esteril apre akouchman?**

¡Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou a!

Ou kapab bezwen siyen kèk papye anvan dat akouchman an. Pwofesyonèl swen sante ou a ap ede ou nan demach sa a.